WIKIPÉDIA

Basa Jepang

Basa Nippon (basa Jepang) rungokna (pitulung·info) (日本語; romaji: *Nihongo*) iku nagarabasa ing Nippon lan cacahing panyatur 127 yuta wong.

Basa Nippon uga dipigunakaké déning sawatara sing ndunungi nagara sing tau ditelukake kaya Korya lan Ganagara Cina. Basa iki uga bisa dirungokaké ing Amérikah Sarékat (Keliforn'yah lan Haway) lan Brasil lantaran pindhahing wong Jepang mrana. Nanging, tedhak turuning wong Jepang sing diarani *nisei* (二世, angkatan kaloro), wis ora wasis basa mau.

Basa Jepang kapérang rong wangun ya iku *Hyoujungo* (標準語), carabasa baku, lan *Kyoutsugo* (共通語), carabasa lumrah. *Hyoujungo* iku wangun sing diajaraké ing sekolah lan dipigunakaké ing télépisi lan kabèh kaanan resmi.


Basa Jepang	
日本語 [Nihongo]	
Asal	Jepang, Guam, Kapuloan Marshall, Palau, Taiwan
Laladan	Asia Timur, Oseania
Panyatur asli	127 juta (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Ora diklasifikasi Jepanik **Jepang**
Status resmi	
Basa resmi ing	Jepang (*de facto*), Angaur (Palau)
Diatur déning	Pamaréntah Jepang
Kodhe basa	
ISO 639-1	ja
ISO 639-2	jpn
ISO 639-3	–

Isi

Aksara Swara
Tulisan basa Nippon
Kanah
Pranala njaba

Aksara Swara

Basa Nippon duwé limang aksara swara ya iku /a/, /i/, /ɯ/, /e/, dan /o/.



Carawaca swara basa Jepang iku kaya mangkene

- /a/ yaiku swara a miring kaya "mlum**a**h"
- /i/ yaiku swara i jejeg kaya "**i**ku"
- /ɯ/ yaiku swara ü ameh padha u jejeg kaya "mlak**u**"
- /e/ yaiku swara e jejeg kaya "gul**e**"
- /o/ yaiku swara o jejeg kaya "**o**mah"

Tulisan basa Nippon

Tulisan basa Nippon asalé saka tulisan basa Cina (漢字/kanji) sing diwanuhaké ing abad kaping papat Masehi. Sadurungé iku, wong Jepang ora duwé tatalaku (Ind: sistem) tulisan dhéwé.

Tulisan Jepang kapérang telu:

- *aksara Kanji* (漢字) sing asalé saka Cina
- *aksara Hiraganah* (ひらがな) lan
- *aksara Katakanah* (カタカナ); kaloroné unsur saka tulisan *kanji* lan dikembangaké ing abad kaping wolu Masehi déning juru agama Buda kanggo mbiyantu nuduhake carawaca aksara-aksara Cina.

Kaloro aksara pungkasan iku lumrah ingaran kanah lan kaloroné kena prabawa swarajati basa Sangsekreta. Prabawa iki isih bisa dideleng sajeroning urutaning aksara Kanah. Saliyané iku, ana uga sistem alihaksara sing ingaran romaji.

Basa Nippon sing kita wanuhi saiki iki, ditulis nganggo campuran aksara Kanji, Hiraganah, lan Katakanah. Kanji dianggo kanggo nyatakaké teges dhasar saka tembung (wujud tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, utawa tembung sandhangan). Hiraganah ditulis sawisé kanji kanggo ngowahi teges dhasar saka tembung mau, lan ngetrapake karo paugeran paramasastra basa Nippon.

Kanah


Artikel baku: Hiragana and Katakana

Aksara Hiraganah lan Katakanah (kanah) duwé urutan kaya ing ngisor iki, nduwé 46 set aksara. Kaloroné (Hiraganah lan Katakanah) ora duwé teges apa-apa saka awake dhewe kaya déné aksara sajeroning Basa Indhonesiyah lan namung nglambangaké sawijining uni katamtu. Sanadyan, ana uga tembung-tembung sajeroning basa Nippon sing dumadi saka sawanda kayata: 目 *me* (mata), 木 *ki* (wit), 二 *ni* (loro), lsb. Aksara iki diajaraké ing tataran durung wiyata (TK) ing Nippon.

Pranala njaba



Èdhisi Japanese saka Wikipédia, bauwarna bébas



Pirsani informasi ngenani ***Basa Jepang*** ing KamusWiki.



Wikibooks gadhah buku kanthi sesirah

Cara Konyol Belajar Basa Jepang

- Tentang Basa dan Aksara Jepang (http://www.omniglot.com/writing/japanese.htm)
- Kelas Basa Jepang Online di Internet, Gratis (http://tadotsugakuen.blogspot.com)
- Kanji - Kamus Online Jepang Indonésia (http://kanji.inn.bppt.go.id) (BPPT)
- ポケットに入るインドネシア (http://homepage2.nifty.com/kaz-iku/ind2.htm) Indonésia dalam Saku
- Atrinia.Com - Kamus on the Fly (http://www.atrinia.com) Kamus Jepang-Indonésia-Inggris
- Komunitas Belajar Basa Jepang di Indonésia, untuk level pemula dan menengah (http://groups.yahoo.com/group/tadotsugakuen)
- Basa Jepang abjad latihan gerak badan (PDF) (http://brng.jp/50renshuu.pdf)
- AKSER Brasil - Learn Japanese - Video (http://www.shotokai.com.br/akser-curso-de-japones.html)